ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№98 (23.912) ● 2019 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. Шэрэдж районыр къызэхекIухь

КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ Шэрэдж районым лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр Аушыджэр къуажэм дэт амбулаторэм еплъащ. 1936 гъэм ящIа унэр кхъахэ дыдэ хъуащ икIи зэбгъэпэщыжыну зыри хэлъыжкъым. Абы къыхэкIыу къуажэ амбулаторэр щылэжьэну унэр ухуэныр узынишагъэр хъумэным зегъэужьыным хуэгъэзауэ иджыпсту ягъэзащIэ программэхэм ящыщ зым хагъэхьэну я мурадщ. Абы и проект-сметэ документацэр гъэхьэзырын яух.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIым апхуэдэу кьиплщытащ Шэрэдж псым и Iуфэхэр гъэбыдэным икIи унагъэхэмрэ туризмэм и Iэухуащ Iахэмрэ псыдзэм щыхъумэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэр.

Кьащхьэтау поселкэм КIуэкIуэ К. В. къыщиплъыхьащ Чеченов Ш. Ш. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэр. Мыбы щеджэхэм, щIэныгъэ гуэдзэн щыззыгъэгъэтхэм я бжыгъэр 726-рэ мэхъу. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм щыгъуазэ зищIащ спортзалыр капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжам, узынишагъэр щрагъэфIакIуэ, спортым зыщыхуагъасэ Iуэхуащ Iапсащ зэрауэам.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ Казбек щыIащ дунейм ехьжа Ульбашев Хусей, Хэку зауэшхуэм и ветераным, и унагъуэм икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуэгъэзэщ.

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэу яхуэзащ Шэрэдж районым и цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныжкIэ комплекс центрым и лэжьакIуэхэмрэ а Iуэхущапlэм щыIэ цIыхухэмрэ. КьызэрыщIэкIымкIэ, мы Iуэхущапlэр ядоIэпхьу республикэм и муниципальнэ район псоми исхэм ящыщу гугъуехь хэхуахэм икIи абыхэм я хуитныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ пхыгъэкIыным хуэгъэзауэ зыхуэфащэ Iуэхухэр ирегъэкIуэкI.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэIэпхъуэжыну хуейкэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ» и къэрал программэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №136-ПП

2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м *Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Хамэ къэрал щыпсэу ди хэкуэгъухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэIэпхъуэжыну хуейкэм защIэгъэкъуэным хуэунэтIауэ» и къэрал программэ мы унафэм щыIэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl МУСУКОВ Алий.



2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

● Шэджэм щIыналъэ

Мэкъумэшыщlэхэр бэлэрыгъыркъым

Шэджэм щIыналъэм и мэкъумэшыщlэхэм мы илъэсым гъавэзкI зэмылIэужьыгъуэу гектар мин 13,5-м нэблагъэ хасащ.

ГУЭДЗУ гектар мини 9,5-м щыщу 800-м нэблагъэр бжьыхьэсэщ, хьэпцийр гектар 50-м нос. Апхуэдэу нартыху гъавапхъэу яIэщ гектар мини 8,5-рэ, зэнтхъыу - 60, гъатхасэ хьэпцIийуэ - 124-рэ.

Шэджэм район администрацэм мэкъумэшымкIэ и къудамэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, мы гъэм сыт и лъэныкъуэкIи жыпахъэ нэхъыфI зэрызэрагъэпэщыным хэтащ, дунейм и щытыкIэми емылъытауэ, гъавэ бэвкIэ мэгуГъэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэрал гулъытэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий ЩIыхь орденыр къыхуагъэфащэ

Къэралым и къалащхьэм къикIыу иджыблагъэ хъыбар гуапэ къытIэрыихьащ - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Iэ зыщIидза указым ипкъ иткIэ ЩIыхь орденыр къратащ «Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референтнэ центр» Iуэхущапlэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэм. И къалэнхэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэм, жылагъуэ Iуэхухэм жыжьэру зэрыхэтым, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылэжьам къыпэкIуащ апхуэдэ пщIэ лъагэр.

Ди республикэм и мызакъуэу, УФ-м и щIыпIэ куэдми, хамэ къэралхэми щыщIэрыIуэ адыгэлI щыпкъэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм дохъуэхъу къэрал гулъытэ лъагэ къыхэзрыхуащIамкIэ икIи ди гуапэщ и узынишагъэр мыкIуэщIу, и ехъулIэныгъэхэм хигъахъуэ зэпыту, бэм я гъуэзэу лъэпкъым иджыри илъэс куэдкIэ хуэлэжьэну.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я пэжьакIуэхэр.



«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2019 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къаIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзныр иухащ.

Ди газетым Iэ тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ иджыри Iэ щыщIэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Iуэхущапlэми. Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 438-рэ кIэнIейкIэ 44-рэ.

Ди индексыр П 5894

Гъуэгухэр зыхуей хуагъазэ

● Бахъсэн щIыналъэ

«Шынагъуэнщэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным Бахъсэн щIыналъэм щыпащэ.

АБы ИПКЪ иткIэ, мы зэманым къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж километри 7,25-рэ зи кIыхьагъ Куба - Псыхъуерей - Крем-Константиновкэ автомобиль гъуэгур, километр 20-кIэ зызыкъуэдия ХьэтIохъущIыкъуей Ищхъэрэ - Къуртъкъужьи Ипщэ машинэ зекIуанIэр.

Апхуэдэуи, зэгъэзэхуэжьныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ Зеикъуэ - Туф къыщIэхьпIэ - Дыгъэмыхьэ (сымаджэщ екIуэлIапIэр) щыпIэхэр зэпызыщIэ гъуэгум.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, зи гугъу тщIы лъэпкъ проектым УФ-м и щIыналъэ 82-рэ хэтщ. Ар гъэзэщIэным хухаха илъэсихым къриубыдэу, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм ящыщу мехъубэрэ къаугъэсэбэпхэр зэрагъэпэщыжынущ; хэгъэгу гъуэгухэмрэ къалэхэм къегъэщIылIа автомобиль зекIуапIэхэмрэ абыхэм ятещIыхьауэ яубзыхуа мардэм ирагъэзэгъэнущ; зэжьэхэуэныгъэ нэхъыбэ къыщыхъу щIыпIэхэр ягъэкIуэдынущ; гъуэгум къыщыхъу къэхъукъащIэхэм хэкIуэдахэр гъэмэщIэным телэжьэнущ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Авто-мото-туризмэм зрагъэужь

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр шыщхьэуIум и 16-м авто-мото-туризмэм и курыкупсэ хъуащ. А Iуэхум дихьэх щIалэгъуалэхэмэ нэхъыжьхэмэ я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэр къэплъытэмэ, абы этнотуризмэмкIэ мыхьэнэ иIэщ.

НАЛШЫК Абхъазаи и утыкум сыхьэт 16-м мы гъэм ещанэу къыщызэIуахащ «Седьмая скорость» фестивалыр. Абы хэтахэмрэ и хьэщIэхэмрэ туризмэм и щIэщагъэлIхэм яIуащIащ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и авто-мото-клубхэм, республикэм и мавшинэ нэхъ дахэхэм, теплъэ щIэщыгъуэ зиIэхэм, турист IуэхущIапIэхэм зыхагъэгъуэзащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я пщIантIэхэр, я шхыныгъуэ лIэужьыгъуэхэмрэ абыхэм я Iэфагъымрэ, Iуэхущапlэхэм къыщIагъэкI продукцэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я выставкэр щIэщыгъуэ ящыщу, Зэ1ущIэм утыку къыщрахьащ сурэттех КуэщхьэбиI Лалинэрэ абы и лэжьыгъуэхэмрэ я сурэт гъэщIэгъуэнхэр. Абы къриужьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ икIи ар ягъэдахащ диджей цIэрыIуэхэм, Iуэхущапlэхэм къыщIагъэкI «IsAria», «Хатти», «5642» гупхэм, нэгъуэщIхэми.

ЗэIуущIэр къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ «Росмолодежь» зэгухьэныгъэм, ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ федеральнэ Iуэхущапlэр, Къэрал Думэм физкультурэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и Эксперт советым Урысейм автотуризмэм зыщегъэужьыныжкIэ и лэжьакIуэ гупыр, Автотуризмэмкlэ лъэпкъпсо зэгухьэныгъэр, КъБР-м и къэрал властым и органхэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщхэмрэ къадэкIуэу зэныбжьэгъуэ фестивалым хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къикIа хьэщIэхэр. Абы и программэм хыхьэу къыззрагъэпэща зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм къыхэжаныкIахэр саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● Мэшыкъуэ-2019

ТIымыжь Хьэсэн и псалъэ

Мэшыкъуэ бгы лъапэм щекIуэкI щIалэгъуалэ зэхьхьэм мы махуэхэм щыхьэщIащ «Курорты Северного Кавказа» зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор ТIымыжь Хьэсэн.

«ПРО ТУРИЗМ» фIэщыгъэм щIэту абы псалъэмакъ щхьэпэ ядригъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэм. ТIымыжьым и гугъу ищIащ Кавказ Ищхъэрэм цIыхур къезышэлIэн хъугъуэфIыгъуэ зэрибэм, туризмэм ди щIыналъэм зэрызыщрагъэужьым. Апхуэдэуи абы къигъэлъэгъуащ курортхэр, туризмэм елха ухуэныгъэщIэхэр щащIкIэ къагъэсэбэп эмкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ.

- Ди щIыналъэм нэхъыбэу зезыгъэужьхэм ящыщщ туризмэр, Урысейм и бгы-лыжэ зыгъэпсэхупIэхэм щIэупщIэ нэхъ яIэщ. Ди щIыналъэм къакIуэу лыжэкIэ къыщызыжьыхьар яхэралым и адрей щIыпIэхэми зэрыдгъэкIуэнум яужь дитщ, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыIахэри ди деж къыдошэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ бгы-лыжэ спортым, туризмэм ди къэралым зэрыщыту зыщыдогъужьэ. Абы къыдэкIуэу, лыжэ къэжьыхькIэм цIыхухэр зэрыхуедгъэсэным, абы зэрыдедгъэхьэхыным мымащIэри дыхущIокъу.

ЗэIуущIэм хэта ныбжьыщIэхэм зытепсэлъыхьыр зэрафIэгъэщIэгъуэныр я упщIэ куэдым наIуэящырт. Псом хуэмыдэу гухэхъуэт КИФЩI-м туризмэм зэрызыщегбгъэужь хъуну къалъытэ Iэмалхэм щIалэгъуалэр зэрытепсэлъыхьыр пльагъуну.

«Иджы ещанэу сыкъокIуэ Мэшыкъуэ щекIуэкI зэхьхьэхэм. Хуабжьу сигу ирохь псори. КъищынэмыщIауэ, мы форумым ныбжьыгъу, цIыхугъэ куэд къыщыгъуэтащ, - кьыддогуашэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ пщащэ Сохиевэ Аланэ. - Ди республикэм къыбгъэдэкIыу цIыхуищэм щигъу къэкIуащ мыбы, я нэхъыбэм проект яIыгъщи, ар зэрыпхагъэкIынум егугъуу зыхуагъэхьэщыр. Щхьэж фIэгъэщIэгъуэн, и проектыр зытеухуа унэтIныгъэ елъытауэ зыдгъэшауэ лекцэхэм дыхэтщ.

«Мэшыкъуэ-2019» зэхьхьэм и япэ Iыхьэм цIыху 1400-рэ екIуэлIащ. Абыхэм яхэтщ Урысейм и хэгъэгухэм щыщхэр, Къухьэпlэ Гъунэгъум къикIахэр. Псори зэхэту форумым цIыху мини 3 зэхуишэсыну и мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъэпкъ проектым хэту

«Демография» лъэпкъ проектым хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэ «Нэхъыжьхэр» хэгъэгу проектыр.

АБы ипкъ иткIэ, реабилитацэ центрхэмрэ интернатхэмрэ щыIэ, лэжьэгъуэ ныбжьым икIа цIыху 255-м пневмококк узыфIэ зэрыщIалэм щызыхъуэм мастэхэр хаIунущ. Илъэсым зэрищIэдзэрэ социальнэ Iуэхущапlэхэм щыпсэу, зи ныбжьыр хэкIуэта цIыху 93-м а хущхъуэр ирахьэлIащ.

Проектым и мурадыр социальнэ кIэлъыплъныгъэ хуэныкъуэу къэрал интернатхэмрэ реабилитацэ центрхэмрэ щыIэ, зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэм я узынщагъэм кIэлъыплъныкIыр.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущапlэ.

Къэрал гулъытэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий ЩIыхь орденыр къыхуагъэфащэ

Къэралым и къалащхьэм къикIыу иджыблагъэ хъыбар гуапэ къытIэрыихьащ - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Iэ зыщIидза указым ипкъ иткIэ ЩIыхь орденыр къратащ «Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъныгъэмкIэ и къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референтнэ центр» Iуэхущапlэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэм. И къалэнхэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэм, жылагъуэ Iуэхухэм жыжьэру зэрыхэтым, илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылэжьам къыпэкIуащ апхуэдэ пщIэ лъагэр.

Ди республикэм и мызакъуэу, УФ-м и щIыпIэ куэдми, хамэ къэралхэми щыщIэрыIуэ адыгэлI щыпкъэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм дохъуэхъу къэрал гулъытэ лъагэ къыхэзрыхуащIамкIэ икIи ди гуапэщ и узынщагъэр мыкIуэщIу, и ехъулIэныгъэхэм хигъахъуэ зэпыту, бэм я гъуэзэу лъэпкъым иджыри илъэс куэдкIэ хуэлэжьэну.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я пэжьакIуэхэр.

● Хъыбар гуапэ

Дунейм и вице-чемпион Шыбзыхъуэ Алик

Эстониеи и къалащхьэ Таллин мы махуэхэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 23-м нэмысахэм спорт бэнэкIэмкIэ я дунейпсо чемпионат. Килограмм 86-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абы дыжьын медалыр къыщихьащ Шыбзыхъуэ Алик.

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ хьыхь Адыгэ Хьэблэм къыщалъхуауэ «АРР» спорт клубым и гъэсэн Шыбзыхъуэ Алик бэнэкIэ хуитымкIэ дунейпсо чемпион щыщхьэуIум и 14-м хъуным зымащIэ дыдэщ иIэжар. Дыщэм щыщIэбэна кIэух зэIуущIэм къыщыпэщIэхуа, Индием щыщ Пуния Дипакрэ абырэ я зэпэщIэтныгъэ гуащIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, ирахащ. АрщхьэкIэ, бэнэкIэ хабзэм тету, иужьу зи баллым хэзыгъэхъуар индус щIалэрати, ар япэ ирагъэщащ.

Дуней псом и вице-чемпион хъуа Шыбзыхъуэ Алик Таллин щекIуэкIа зэхьэзэхуэр фIы дыдэу кьехъулIащ. ЗэкIэлъхьэужьу абы хигъэщIащ монгол Байярсайхъан Билгуун (10:0), Латвием щыщ Самуконюс Иварс (10:0), Швецием и щыхьыр зыхъумэ Тимори Мухьэммэд Сардар (12:0). Финал ныкъуэращ хуэфащэн хьэрхуэрэгъу щигъуэтар. Абы хуабжьу къыщыхигъэзыхьащ США-м къикIа Хидли Трент, ауэ адыгэ щIалэр 4:3-уэ текIуащ.

Дунейпсо зэхьэзэхуэм дыжьын медаль къыщыпхьу вице-чемпион ухъуну пщIэ лъагэщ. Шыбзыхъуэ Алик абы нэсыныжкIэ я зэман, къару, зэфIэкI куэд трагъэкIуэдащ и гъэсакIуэзу и адэ Беслъэн, Мэзыкъэбз Мурадин, Щэмырзэ Мухьэрбий, Урысей Федерацэм и щIалэгъуалэ командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тембот Анзор сымэ.

Таллин щиIа ехъулIэныгъэр Шыбзыхъуэр иджыри къэс здынэса лъагапIэхэм къыпызыщэщ. И ныбжьыр илъэс пщыкIуий щыхъум ирихьэлIэу 2015 гъэм Сербием щызэхэта, ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм ар Европэм и чемпион щыхъуащ, килограмм 76-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж и хьэрхуэрэгъу псори щыхигъащIэри.

2017 гъэм Шыбзыхъуэ Алик и чемпионыгъэм Европэм къыщытригъэзащ. Абы щыгъуэм ар щытекIуащ зи ныбжьыр илъэс 21-м нэмысахэм я зэпеуэм. Сараевэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм килограмм 85-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж адыгэ щIалэм къыщыпэщIэуа псори хуагъэува зэманыр имыухыу щытридзащ: словакыр - 10:0-у, франджыр - 10:0-у, куржыр - 11:0-у, тыркыр (финалым) - 10:0-у. Зэрытлъагъущи, абы и хьэрхуэрэгъухэм зы очкои иригъэхьатэкъым икIи псори зэхэту 41:0-у ефIэкIат.

НыбжьыкIи, хьэлъагъкIи, екъулIэныгъэкIи хэзыгъахъуэ зэпыту екIуэкI Шыбзыхъуэ Алик куэдкIэ дызэрыщыгугъым шэч хэлъкъым. Мыгувэу ар кууэ хыхьэнущ балигъхэм я зэхьэзэхуэм икIи абыхэми дэрэжэгъуэ къыщыдитыну, къызыхэкIа пщIэм къыщымрэ щыпсэу Хэкумрэ я пщIэр адэкIи иIэтыну дыхуохъуапсэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

КъБКъУ-р къыхах

● Щіэныгъэ

Бэрбэч Хьэтіытіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм куэду яхэтщ хамэ къэралхэм къикІа щІалэгъуалэ. Абыхэм я бжыгъэр зы илъэсым нэхърэ къыкІэлъыкІуэм нэхъыбэ хьуурэ макІуэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, абыи къеГэлъагъуэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтыну щІэхъуэпсхэм а еджапІэ нэхъыщхьэр къыздэхьыр.

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэным ипэ къиухуэу, хабзэ хъуащи, хамэ къэралхэм къикІа абитуриентхэр еджэным щыхуагъэхьэзыр илъэс курсхэр мэлажьэ. Ар и къудамэщ университетым Хамэ щІыналъхэм щыщ студентхэм щІэныгъэ щрагъэгъуэт школ нэхъыщхьэм (ВШМО). КъБКъУ-м иджыблагъэ щекІуэгІуэ пшыхьри зыкъагъэзар еджэным щыхуагъэхьэзыр курсхэр ехьулІэныгъэкІэ къзэуыхэзар гъэпэжэныр, гъэ еджэгъуэ блэкІам къриКІуэхэр къэпщытэжныныр.

Университетым и проректор **Къэжэр Артур** зэрыжиІамкІэ, мыгъэрей илъэс курсхэм щеджащ хамэ къэралхэм къикІа цІыхуи 100-м щыгъуэ. Зы илъэсым и кІуэцІкІэ ахэр ирагъэджащ унэтІыныгъи 4-м тещІыхьауэ, щхьэж къыхихыну зыхуэей Іэщіагъэм елъытауэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, медико-биологие, инженерно-техникэ, гуманитар, экономикэ унэтІыныгъэхэр. Абитуриентхэм пэщІэдзэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтащ биологие, химие, физикэ, математикэ, информатикэ, урыс литературэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, тхыдэ, обществознание предметхэмкІэ. Курсхэм щІэсахэм ящыщ дэтхэнэри зэрыгъэгъадж программмэм къиГэув мардэхэм пэлъэщащ, къэпщытэныгъэхэми ехьулІэныгъэкІэ пхыкІыжащ. Ахэр къэзыуха щІалэгъуалэм къыхах хабзэщ республикэм, къэралым я еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу я щІэныгъэм адэкІэ щыкІагъэхьуэнУ я мурадщу. Абитуриентхэм ящыщу 80-м щыгъум гупыж ящІащ КъБКъУ-м еджэным щыпащэну.

- ФІыщІэ ин яхудощІ мы щІалэгъуалэр щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтыным тэмэму хуэзыгъэхьэзыра ди егъэджакІуэ Іэзэхэм, - къыхигъащащ и къэпсэльэныгъэм Къэжэрым. - Фэ хамэ къэралхэм къикІа щІалэгъуалэм щІэныгъэ ефта къудейуэ аракъым, атІэ ахэр ди псэукІэ-щыІэкІэм и хабзэхэм евгъэсащ, ди жылагъэм, цІыхухэм зэрахэзэгъэфыну мардэхэм щывгъэгъуэзащ.

Курсхэр къэзыухахэм абы щыхьэт техъуэ къэрал дэфтэрхэр яритыжащ проректорым. Абы и гуапэу къыхигъащащ еджэным екъулІэныгъэ ІыгъэщыщІэрызыгъэхьахэр, я цІэкІэр щхьэхуэу къриІуэурэ. Апхуэдэу зэІуцІэм щатыжащ хамэ къэралхэм къикІахэм папщІэ къэзэрагъэпэщ олимпиадэхэм щытекІуахэм я щІыхь, фІыщІэ тхыльхэри.

Илъэс псокІэ къелІэлІа егъэджакІуэхэм, ныбжьэгъу къахуэхуа хэхъуфхэм фІыщІэ хуащІу, курсхэм щІэсахэм зэІуцІэм хуагъэхьэзыра концерт цІыкІур куэдым ягу иритхащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ПщІэ зыхуэтщІ ди хэкуэгъуэх!

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр зэщІаІыгъэщ экономикэ гугъуехьхэм я хъым.

Пэжыв ІапІэншагъэр, улахуэ цІыкІур, пенсэ мащІэр, пособиехэмрэ льготэхэмрэ я бжыгъэм зэрыхэщІыр - а псоми дыдж ящІ республикэм щыпсэуэхэм я нэхъыбэм я гъащІэр.

Быдзу фыкъыхудоджэ, фокІадэм и 8-м Іэ зэрыфІэтынур фи «гумкІэкъым» икІи «псоми я нэхейкІэкъым». Ауэ жаІэркъым: «Іэ зэрыгІэтым хуэдэу дыпсэунущ».

Жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ хэхыныгъэхэм я лъэхъэнэр хъохъэ. И чэзур къэсащ Іэ фІэтыну, ффладыгъуэ Хэкур зыІэрыбгъэхьэжьфын хуэдэу.

КПРФ-м иІэщ зэрылажьэну программэ. ИкІи дэ дгъэззэщІэнущ фыкъызэрыдгъэгугъэ псори.

Дэ къыдгуроІуэ ди мурадхэм дызэрыхуэхъуэ. Ар ущІэгъэзвэн икІи ущІэнащхьеин учІэ щхьэусыгъуэнсхьм, атІэ текІуэныгъэм - цІыхубэм я текІуэныгъэм - нэхъ ерыщІыжу дыхущІэзыгъэжьщ.

Фыкъызэрыдгъэгугъэхэр дгъэззэщІэфын папщІэ дэ дыхуэныкъуэщ, пщІэ зыхуэтщІ хэхакІуэхэ, фэ фи щІэгъэжьуэныгъэ.

ФокІадэм и 8-м фи гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ а лъэбакъуэр фчы!

ФщІэ ар КПРФ-м и телъхьэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я хэхыныгъэхэм ирихьэлІэу «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къыхилъхьа программэр

Тхуэфэщэн гъащІэм дыхуэзышэ лъэбакъуипщІ

1. Къэралым и къулеигъэхэр - цІыхубэм!

Урысейм и къулеигъэхэр зыхуэлэжьэн хуейр цІыхубэращ, атІэ олигархгуп цІыкІуракъым. Дэ дрителъхьэщ щІыдагъэ, газ отраслхэр псоми я зэхуэдэ щІыжьным.

2. Къэралым и экономикэ щхьэхуитыныгъэ!

И чэзу хъуащ ди экономикэ щхьэхуитыныгъэр зэфІэдгъэувэжьну, долларым и текІуэныгъэм зыщыгъэтхьумэну.

Урысейм и Банк Нэхъыщхьэр къыщІэшын хуейщ США-м и Федералькэ резерв системэм и бжыым. Ар зыхуэлэжьапхъэр хэкум и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ я зыужьныгъэращ.

Дэ дыхьэзырщ Урысейр ВТО-м къыхэгъэкІыным ехьэлІа Іуэхур зэфІэтхьну.

3. Зи щхьэ хущытыж промышленность лъэщ!

Урысейр хуейщ къэхутэныгъэщІэхэмрэ технологие лъагэхэмрэ зи лъабжьэ иджырей промышленность лъэщ. Абы и отрасль нэхъыщхьэу уВыпхъэщ: микроэлектроникэр, робототехникэр, станок хуэунэгъэр.

4. Мэкъумэшэ хэзыгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжьныкъэ дэІыгъыныкъэ!

А псори тхуэзфІэжьныну, мы Іуэхугъуитым дытетмэ. Илэразуэ, бюджетым и проценти 10-м мынэхъ мащІэ агропромыр дабыгъын папщІэ унэтІын. ЕтІуанэрауэ, жьджэру ядэІэпыкъун фермер, мэкъумэш Іэнатіэхэм, тегъэщІапІэ щІын хозяйствэ зэгуэтэхэмрэ кооперацэмрэ.

КПРФ-р хьэзырщ ЩІы, Мэз, Псы кодексхэр щІэуэ къиущэну. Экономикэм и щыкІэгъэ егъэфІэкІуэныкмкІэ Іуэхугъуэ зэхэтхэр дэ къыхыдолъхьэ.

5. Хьэуэ - коммерцэ кредитхэм, НтІэ - къэралыр къэгъэщІэрэщІэжьным!

Ахъшэ имыІэу правительствэр зэрытхъэусыхэр - пцІы зэфэззэщІ. Дышэ, валютэ гъэтІылъыгъэхэр, Іьэпкъ зэІуэпэщыныгъэм и фондыр, ГъэтІылъыгъэ фондыр - ахэр сом триллион 33-рэ ирокъу.

Дэ ди къэлэнщ щІыналъэхэм дадэІэпыкъуну, я гур хуэІухауэ я къэкІуэным хущІэкъун, зауэкьи папщІэ. КПРФ-р и телъхьэщ коммерцэ кредитхэр федеральнэ бюджетым къыхэкІ дотацэхэмрэ субвенцэхэмкІэ яхъуэжьным.

6. Уасэхэмрэ тарифхэмрэ тКІийуэ кІэлъыплъын!

ЕрыскъыхэкІэм я уасэм нэгъабэ процент 20-м щІигъукІэ хэхъуащ.

Абы щыгъуэми зыщыкІыу Іэмалынишэу къаГэсэбэп хьэпшыпхэм, гъэсэныпхъэм, хущъхьэхэм я уасэм кІэлъыплъыну. ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм щІат уасэр щІигъу хъунукъым унагъуэм и хэхъуэм и проценти 10-м.

7. ЗахуагъэкІэ яГэувэ икІи фейдэ къэзыпыкІ налогхэр!

Урысейм щыгъуэращ гур щызыгъэкІ налог хэкІыкІэ. Ар зытелажьэр къулеижьхэмрэ дыгъэгъуэкІуэ къулыкъущІэхэмрэщ. Дэ къыхьідолъхьэ хуэм-хуэмурэ НДС-р Іуахэжьну. Абы и зэранкІэ хэкум къыщыщІагъэкІ продукцэм и уэсэр докІуейри, къэныкъэкъуэм пэмыльэщ, мэкъу, инфляцэр къыхэзыщІеІэтэ. Апхуэдэ налогхэр СССР-м зэрыщымыІар, иджыпстуи зэрыщымыІэр зэрымыщІэкІэ къэхъуауэ аракъым.

8. Къэралыр - цІыхум папщІэ, атІэ цІыхур - къэралым папщІэкІэкъым.

Властым укІытэ имыІэу Конституцэр къызэпеуд, абы ипкъ иткІэ Урысейр - социальнэ къэралыгъуэщ.

ИпэжьапІэкІэ къэралыр хуабжьу шынагъуэу зэкъуэудащ. ЦІыкІухэм я проценти 10-м лъэпкъ къулеигъэм и процент 90-м нэблагъэр яубыдащ. Сыт абы уасэу щІатар? Языныкъуэхэм я щэр къызэрывэмрэ цІыкІухэм я нэхъыбэр ерагъкІэ зэрыпсэумрэщ. Абыхэм лэжьыгъэкІэ, пенсэкІэ, щІэныгъэкІэ, узыншагъэр хъумэныкмкІэ яІэ хуитныныгъэхэм йобгъэкІыжьу.

КПРФ-м къыхэлъхьэ социальнэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ кууж зыщІ унафэхэр къащтэну хуимыту хабзэкІэ щІагъэбыдэну. ВВП-м къыхэкІыу процент блырыбл хуаутІыпщынущ щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным. Дэ щІалэгъуалэм шэсыпІэ дахуоувэ япэ лэжьыгъэ Іэнатіэ яІэныкмкІэ, нэгъуэщІ щІэгъэкъуэныгъэхэмкІэ. Гулытэ хэха ягъуэтыпхъэщ сабийхэмрэ анэхэмрэ, ныкъуэдыкъуэхэмрэ жьы хъуахэмрэ. Абы папщІэ зыхуеину законхэр хьэзырщ.

9. Къэралым иІа пщІэр едгъэгъуэтыжынщ!

Блэкіа парламент хэхыныгъэхэм КПРФ-м щытригъэчыныхьащ къэралыщІыб политикэщІэ егъэкІуэкІын зэрыхуейм. Абы и лъэныкъуэкІэ нобэм ирихьэлІэу зыкъом зэфІэгъэкІа хъуащ. Ауэ кІуэ пэтми НАТО-м и дзэ базэхэм Урысейм и хъуреягъыр къызэщІакъуэз, ди хэкуэгъуэм екъулІа текъуэзныгъэхэмрэ зэхэзехуэныгъэхэмрэ нэхъ быдэж мэхъу.

Властым дерс гуэрхэр зыхихащ, ауэ къыщхьэщэж министр-зэхэкъуэтакІуэм.

Коррупцэмрэ щІэпхъаджагъэмрэ - къэралымрэ абы и цІыкухэмрэ шынагъуэ къъезытщ. КПРФ-р и телъхьэщ ахэр гъэкІуэдыным тКІийуэ бГъэдыхьэным. Экономикэм щІэпхъаджагъэ ин зыплъэкьахэр тутпакъэщхэм исын хуей къудейкъым, атІэ я мылъкумкІэ жэуап яхьыпхъэщ.

10. Къэралым и щэнхабзэ екъулІэныгъэхэр тхъумэнщ икІи хэдгъэхъэнщ!

Урысейм и лъэпкъэм я лъэпкъыбз щэнхабзэр - псэкІэ ди къэщІэрэщІэжьныгъэм и лъабжьэщ, дызэрыгушхуэщ, тхыдэ щІэинщ. ЦІыкубэ властым идэнукъым цІыкухэм я псэр антисоветизмэкІэ, национализмэмкІэ, русофобиемкІэ кърагъэсыкІыу. Абы цІыкуэхэм щыхъумэнущ хабзэщхьагъэм, напэншагъэм, нэмыукІытагъэм.

Лъэпкъым и духовно-нравственнэ узыншагъэр физическэ зыужьныныгъэм текуалхъэщ. Гулытэ хэха - сабий-ныбжьыщІэ творчествэм, физкультурэмрэ спортымрэ. Сыт ильэныкъуэкІи щІэгъэжьуэныгъэ - Урысейм и талантхэм.

КПРФ-р хьэзырщ фІыуэ тлъагу ди Хэкур къэщІэрэщІэжьныныкмкІэ жэуапныгъэр къищтэну.

Дэ дызахуэщ, дэ тхузэфІэкІынущ!

ИрагъэкІуэкІа пхъэидзэм икъ иткІэ, пщІэнэщу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахьым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

● Прохладнэ щІыналъэ

Иджыри зы Іэнатіэ къыщызэІуахынущ

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІымрэ елэжьу Къэбэрдей-Балъкъэрым ит Іуэхущ1апІэхэр Урысей утыку зэрихьэрэ куэд щІащ.

БЖЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкІэ, пхъэщхьэмыщхьэм, хадэхэкІым къыхэщыкІауэ Урысей псом къыщыщІагъэкІа банкитху къэс еханэр ди щІыналъэм щащІащ. Абыхэм я къабзэгъэкІи хуэдэр зырызщ. ЕкъулІэныгъэхэр куэдкІэ я фІыщІэщ ерыскъыхэкІым щелэжь предприятэхэр иджырей мардэхэм тету технологиещІэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщамрэ а Іуэхум зи мылъку хэзылъхьэну хуей инвесторхэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэмрэ. Къапщтэмэ, Прохладнэ районым мы зэманым щокІуэкІ томат пІастэ щагъэхьэзыр заводым къыхэгъэхъуэным ехьэлІа лэжьыгъэхэр. Абы зы илъэсым хуэзэу продукцэу къыщыгъэкІынур тонн мин 53-м ноблагъэ. Ар банкІ мелуани 3-м нэсынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Узыншагъэ

ДэІэпыкъуныгъэр ирагъэфІакІуэ

«Ялэ медико-санитар дэІэпыкъуныгъэм зегъэуэжьынымкІэ» лъэпкъ проектым хэту мы гъэм фельдшер-акушер Іуэхущ1апІэхэр къыщыдэІуахынущ Саратовскэ къутырымрэ Псынэдахэ къуажэмрэ.

ЯПЭМ ухуэзыгъэ лэжьыгъэхэр и кІэм щынагъэсащ, етІуанэм ФАП-м и унэм и лъабжьэр щагъэтІылъащ. Апхуэдэу я мурадщ ХьэтІохъущыкІуэй жьлэм дэт амбулаторэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъэзэжьыну.

Зэгъэзэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щІыналъэ сымаджэщхэм. Мы илъэсым къриубыдэу а Іуэхущ1апІэхэм я унащхьэхэр зэрахъуэжьнущ, унэ щІыбэр зэрахьэнущ, Дзэлыкъуэкъуажэ и поликлиникэм и щхьэгъубжэхэр, псы зэрекІуапІэ бжьамийхэр, ток кІапсэхэр зэрахъуэжьнущ. Абыхэм текІуэдэну мылъкур республикэ бюджетым кІыхэкІынущ.

2014 гъэ лъандэрэ республикэм щаухуащ икІи зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ фельдшер-акушер Іуэхущ1апІэу 50-м. Мы унэтІыныгъэмкІэ зэфІах лэжьыгъэ псори зыхуэунэтІар къуажэдэсхэм ират медико-санитар дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэнырщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1уэм и 17, *щэфэт*

♦**Псэущхьэ хьэулейхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Латвием и къалащхьэ Ригэ и махуэщ**

♦**Индонезие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**

♦**1771 гъэм** Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей цІыхубэм ЩытхъУ тхьилъ къариташ.

♦**1812 гъэм** пащтыкъ Александр Еэанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу иГъэващ Кутузов Михаил.

♦**1903 гъэм** Пулитцер Джозеф иГъэуващ и цІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым ехьулІэныгъэщхуэхэр къыщызыхьхэм ирагъэкІуэну. Иджыпстуи ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щыхабжэ США-м.

♦**1928 гъэм** Москва къалэм «Динамо» стадионыр къыщызэІуахащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухэныгъэм и ипэ съездыр зэхэтащ.

♦**1961 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ ІэнатІэр.

♦**1977 гъэм** «Арктика» совет мылкъутэ кхъухьыр, зы къэралми апхуэдэ хуэзфІэмыкІауэ, ЩІым и Ищхьэрэ полюсым нэсащ.

♦**1988 гъэм** Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦Дунейпсо гроссмейстер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Ботвинник Михаил** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мысырым щыщ адыгэлІ, мамыры-гъэр хъумэныкмкІэ дунейпсо Ленин саугъэтым и лауреат **Хъалид (Жэмбей) Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэркъуахъуэ Инус** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Табаков Олег** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, сценарист, жылагъэ лэжьакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Губенко Николай** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьлакіуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Магомаев Муслим** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Роберт де Ниро** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 2010 гъэм Ванкувер (Канадэ) щекІуэкІа щІымахуэ Олимп Джогугхэм жэз медаль щыщІыхьа **Доминиэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх тІэкІу къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ1уэм и 18, *тхъэмахуэ*

♦**УФ-м и Хьэуа флотым и махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм и Дзэ-хьэуа къарурэм я махуэщ**

♦**Азербайджанымрэ Къэзахъстанымрэ щагъэлъапІэ я гъунапкъэхъумэ дзэхэм я махуэр**

♦**Таджикистаным и медицинэ лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1682 гъэм** Урысей пащтыхыныгъэм и тет хъуащ Пётр Еэанэр.

♦**1782 гъэм** Санкт-Петербург къыщызэІуахащ Пётр Еэанэм и фэеплъыр (иужьрейкІэ «Гъуаплъэм къыхэщыкІа шууей» зыфІащэр).

♦**1787 гъэм** Урысейм щыяпэу рабочэхэм я демонстрацэ щекІуэкІащ Санкт-Петербург. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм хуэтхьэусыхэну къызэхуэсат ухуакІуэ 400.

♦**1845 гъэм** къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухэныгъэр.

♦**1900 гъэм** урыс инженер Перский Константин япэу къигъэсэбэпащ «телевиденэ» псальэр.

♦**1920 гъэм** США-м и Конституцэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьащ, цІыхубзхэми Іэ яІэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэзэгъуауэ.

♦**1941 гъэм** КъБР-м тхьэмахуэ щІыхьэху щекІуэкІащ. Абы хэтхэхэм къалэжьа сом мин 300-р Зыхъумэжьныгъэм и фондым халъхьащ.

♦**1991 гъэм** Горбачёв Михаил Форос (Кърым) щыІэ зыгъэпсэхупІэм къыдэкІыну хуимыту даубыдат къэралым зэхъуэкІныгъэхэр щезыгъэкІуэкІыну зи мурадхэм.

♦Нэмыц1э дипломат, адыгэхэм я псэукІэ-зэхэтыкІэм тетхыьха **Олеарий Іэдэм** къызэралъхурэ илъэс 419-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, прунж гъэкІыным елэжь щІэныгъэ центрым и унафэщІ **Хъурым Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 26 – 27-рэ, жэщым градус 20 – 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ1уэм и 19, *блыщхьэ*

♦**Гуманитар дэІэпыкъунымгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сурэтым и дунейпсо махуэщ**

♦**Афганистаным и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**

♦**США-м и авиацэм и махуэщ**

♦**Джанэ кусэм и махуэщ.** 1874 гъэм урыс флотым къулыкъу щызыщІэхэм я фащэу къащтащ кусэ щІыхьэхэр зыпхыкІ джанэр.

♦**1839 гъэм** Санкт-Петербург къалэм гъэмыжьжьэу къызэІуахащ Пулковскэ обсерваторие. Иджыпстуи ар Урысей Федерацэм и астрономие Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэщ.

♦**1887 гъэм** шар гъэпщам ису зиІэтри, Менделеев Дмитрий кІэльыплъащ дыгъэр зэрыкъуиныбфэм.

♦**1895 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ Дунейпсо кооператив зэгухэныгъэр.

♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елъхъуэт (Осетие Ищхьэрэ) и деж бийм и къухьлъатитІ къыщыриудыхащ.

♦**1944 гъэм** Покрышкин Александр къэралым щыяпэу Совет Союзым щэнфэр и ЛІыхъужь хъуащ.

♦**1947 гъэм** А витаминыр зэхалъхащ.

♦**1960 гъэм** Байконур космодромым тельэтыкІащ Белкэ, Стрелкэ хьэхэр зэрыса «Спутник-5» къуэхьыр. Ар щыщхьэуІум и 20-м къэтІысыжащ.

♦**1981 гъэм** къызэрагъэпэщащ СССР-м Къэрал шынагъуэшагъэмкІэ и комитетым егъэщІылІа «Вымпел» гуп хэхар.

♦**1991 гъэм** ГКЧП-м - къэрал унафэр зыубыдыну яужь ихьа гупым - СССР-м чрезвычайнэ щытыкІэ щигъуэват.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкІэ щыхьэ зиІэ я лэжьакІуэ **БищІо Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерий** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦США-м и 42-нэ президенту щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Дзбагъуэ Роман** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

МафІэм и гъунэгъу лыр мажьэ.

Саугъэт нэхъыщхьэр Кэсмен ехь

● Шыгъажэ

Налшык и шыгъэжапІэм щабэт кІуам щекІуэкІащ зэхьэзэхуэ ин. Абы щагъэджэгуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и саугъэт нэхъыщхьэр.

ШЫГЪАЖЭГЪУЭ махуэр хухахат бахъсэндэсхэм. Абы и администрацэмрэ Быфхэ я унагъэмрэ ягъэува саугъэт фондым и куэдагьэр сом мелуанрэ мин щитІым нэблагъэрт.

Зэхьэзэхуэхэм щІадзэн ипэкІэ къызэхуэсахэр дакъикъкІэ хуэщІгъуащ Севастополь псыдзэдзапІэм иджыблагъэ гуузу щыблэкІуэда, Урысей Федерацэм киббоксингымкІэ и цІыхубз командэ къыхэхам щыщхэу дунейпсо чемпион Жэгъуп ФатІимэрэ вице-чемпион Гисмеевэ Элинэрэ. Абыхэм я фэеплъкІэ иужькІэ ирагъэкІуэкІа шыгъажэхэм ящыщ зым текІуэныгъэр къыщыхьащ мастер-шууей Сыжажэ Руслан зытеса пцІэгъэуплъ Монти.

Зэрахабзэу, зэпеуэр къызэІуахащ илъэситІ зи ныбжь шыхэмкІэ. Метр 1400-р псом япэу зэпичри, абы текІуэныгъэр къыщыхьащ Псыхуабэ и Іьэныгъэм щалыгъ Сторм Бэлд пцІэгъэуплъым. Ар кърагъажащ япэ категорие зиІэ шууей Щоджэн Іэдэм.

Адэкіэ ириэпеуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Щауэ Іэхьед и фэеплъу ягъэува саугъэтым. Ди къэралым къыщалъхуарэ иджыри къэс текІуэныгъэ щІагъэ зимыІа, илъэситІ зи ныбжь шыбзэкІ я зэдзэкэм бжьыпэр щиубыдащ пцІэгъэупль Чарэ. Ари къэзыгъэжар Щоджэн Іэдэмщ.

ИлъэситІ ныбжьым ит шыхэм метр 1200-р къыщыззэранэкІым япэу ксащ Пэнжюкъу Руслан зытеса Эльбароса. Абы Іэрыхьащ Абазэ Санду Іэ и фэеплъ саугъэтыр.

Зыми игъэщІэгъуакъым «Малкэ» шы заводым и гъэсэн Волчарэ цІэрыІуэм аргуэру текІуэныгъэ язэзэрихьар. Сыжажэ Руслан и уанэгум щІэта, илъэсибл зи ныбжь шыр япэу къэсащ метр 1200-р къыщажьым.

ИлъэситІ зи ныбжь шыхэм я саугъэт нэхъыщхьэр хухахат Эверест бгым и щыгум тІэунейрэ дэкІуей Мэз Каринэ. Ар Іэрыхьащ метр 1600-р къыщажьм текІуа Флеминг Лайн теса шуей Пэнжюкъу Рустам икІи альпиникт цІэрыІуэм езым и Іэкіэ, гуфІэгъуэ щытыкІэм ити, къуитыжащ.

Псоми нэхъ яфІэхьэлэмэт хъуар, дауи, саугъэт нэхъыщхьэр щагъэджэгуа Налшык и Дерби Иныращ. Ар фэеплъ хуащІащ адыгэшым фІыуэ хэзыщІыкІыу икІи зыльагъуу щыта Быф Жэмхэт. Илъэсищ зи ныбжь шипщІ щызэдзэращ метр 2400-р къызэпачыну. Абы щытекІуэм селуан ныкъуэм щІигъу и Іэрылъхьэт.

Зэныкъуэкъуныгъэ гуащІэм и насыпыр къыщыкІащ япэ категорие зиІэ шууей Шыкъ Астемыр зытеса Кэсмен. Ар и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІащ икІи шыгъажэ махуэм и саугъэт нэхъыщхьэр зыІэригъэхьащ. Абыкіэ фІыщІэ хэха хуэфащэщ шыр зэхьэзэхуэм фЫ дыдэу хуэзыгъэхьэзыра тренер Щадз Заур.

Дерби нэхъыщхьэм хэмыхуа шыхэр щызэпрагъэуащ Мэзкуу къалэм и саугъэтым. Куэдым яфІэхьэлэмэту абы щытекІуащ Щоджэн Іэдэм къитэжа Принц Киссанэ.

Иужьу а махуэм иризэныкъуэкъуащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и саугъэтым. Нэхъ гъуэгуанэ кІыхь дыдэр – метр 3200-р – япэу къызэринэкІащ мастер-шууей ПщыкІ Ислъам зытеса Рокет Стар пцІэгъэуплъым.

Налшык ипподромым къыкІэлъыкІуэ шыгъажэ махуэр щызэхэтынур фокІадэм и 7-рэ. Абыи саугъэт зыбжанэм щыщІэбэнынущ ди республикэмрэ гъунэгъу щыналъэхэмрэ я шууей нэхъыфІхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Хьэщіэхэмрэ бысымхэрэ

Кфар-Камэ дэт мэжджытыр.

Израиль къэралыгъуэм щы-Іэ Кфар-Камэ жылэм къыщы-зэрагъэпэща шэрджэс ныбжьыщІэ лагерым я нэгу зыщрагъэужьри, иджыблагъэ хэкум къагъэзэжащ сабий гуп. КъБР-м щыщу гупым хэтащ Налшык дэт «ДыгъэфІэ къаблэм» и еджакІуэхэр Вэрокъуэ Алинэ, Щэныбэ Даянэ, Бэлагъы Сэтэней, Мурзэкъан Ислъам, Бадзэ Къэпльэн сымэ, Астемырей къуажэм щыщ Тхьэитл Залинэ, Дыгулыбгъуей щыщу Іэюб Рузанэ сымэ.

ХАМЭ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэным, нэхъ куу щыным хуэгъэза къэрал программэм ипкъ иткІэ КъБР-м граждан жылагъуэ Институтэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министерствэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и министерствэм.

КъБР-м икІахэм нэмыщІ, Тыркумрэ Иорданиемрэ щыщ ныбжьыщІэхэр, Кфар-Камэрэ Риухьениерэ дэс щащэ щІыкІуэхэмрэ щІалэхэмрэ - псори щыпсу 200-м нэс зэгъусэу зыщагъэпсэхуащ адыгэжылэм. Хьэщіэхэр жылэдэсхэм я унагъуэхэм щыпсэуащ махуипщІ енкІэ.

Ныбжьыщіэхэр нэхъыфІу зэрыгъэцІыхун, я нэгу зезыгъэжьын Іуэхугъуэхэмкіэ гъэнщІат, куэду къулейт, зэмылІэужьыгъуэу купщІафІэт къыззгъэпэщакІуэхэм я программэр. Израильм и щыпІэ нэхъ дахэхэм, Иерусалим, Тель-Авив, Хьайфэ, Тиберия къалэхэм зыплъыхьакІуэ хьэщІэхэр щыІащ, зэхьэзэхуэ, зэпеуэ хьэлэмэтхэм жьыдэру хэтащ. Нэхъри гукъинэж ящыхьуахэм ящыщу Кфар-Камэ и Лъэпкъ музейм зэрящыщІар. **Щоджэн Даут** абы щІэлъ Іэмэпсымэхэм къаэзрыхутепсэлъыхьам къыдэкІуэу, я жылэм и тхыдэм, кфар-камэдэсхэм я хьыбар гъэщІэгъуэнхэм щыгъуазэ ищІащ.

